

**Biprenòfin pou Tretman
Depandans a Opyoyid:
Enfòmasyon pou Pasyan
yo ak Fanmi yo**

Biprenòfin (yo rele li byoup, epi li gen kòm non mak Suboxone ak Zubsolv) se yon medikaman pou tretman depandans a opyoyid (opioid use disorder, OUD). OUD a se yon pwoblèm sante kwonik ki gen kòm definisyon yon abitud pwoblematik pran opyoyid (tankou ewoyin, fentanil oswa analjezik sou òdonans), sa ki mennen gwo deteryorasyon oswa detrès. Sa fè plis pase 20 ane y ap sèvi ak byoup la pou trete OUD, pa gen danje nan pran li lontan epi li pwoteje kont ovèdoz opyoyid.



Li ti liv sa a pou jwenn plis enfòmasyon sou:

- **Sa ki esansyèl pou konnen sou byoup la (sa gen ladan lavantaj li ak kijan li mache)**
- **Kijan pou evite ovèdoz**
- **Kesyon yo poze souvan sou byoup la**
- **Kijan pou jwenn byoup la**
- **Kijan pou pale ak yon pwofesyonèl swen sante de byoup la**
- **Dwa ou yo pandan w ap pran byoup la**



Sa ki Esansyèl pou Konnen sou Byoup la

Yo nòmalmman preskri byoup la sou fòm grenn pou pran chak jou oswa sou fòm yon plak fen ki ka fonn ou mete anba lang ou. Yo ka bay li sou fòm piki chak semèn oswa chak mwa tou.

Pifò kalite byoup yo pran nan bouch yo gen naloksòn ladan yo tou, ki se yon medikaman ki defèt efè yon ovèdoz opyoyid lè yo bay li nan piki oswa flite li nan nen. Naloksòn nan pa gen efè lè ou pran li nan bouch epi yo ajoute li nan byoup la pou anpeche moun pran byoup la nan fason yo pa preskri li.

Avantaj ki genyen nan Byoup la

Men avantaj ki genyen nan byoup la:

- Li redui risk fè ovèdoz avèk opyoyid
- Li redui sentòm sevraj yo ak anvi yo
- Li ede kore sante global ou
- Ou ka pran li alèz lakay ou (nan pifò ka yo)

Kijan Byoup la Mache

Byoup la se yon agonis opyoyid pasyèl, sa ki vle di li mache menm jan ak lòt opyoyid yo men nan yon mezi pi piti. Pou moun ki tolere opyoyid, byoup la ap soulaje sevraj anba opyoyid ak anvi san li pa fè ou “plane”.

Byoup la gen yon “efè plafon”. Lè ou fin pran yon sèten kantite, si ou pran plis byoup li p ap fè ou plane ni li p ap lakòz depresyon respiratwa (respirasyon ralanti oswa fèb). Sa fè risk fè ovèdoz ak byoup la pi ba lontan konpare ak lòt opyoyid.



Kijan pou Evite Fè Ovèdoz

Li ra pou fè ovèdoz avèk byoup la. Sa abityèlman rive kay moun ki manke tolerans oswa ki pa gen tolerans pou opyoyid oswa ki pran plizyè depresan (dwòg ki ralanti respirasyon). Pou redui plis toujou risk ou yo pou fè ovèdoz pandan w ap pran byoup la, evite pran depresan, tankou alkòl, sedatif ak kalman.

Risk ou pou fè ovèdoz ap ogmante si ou sispann pran byoup la epi pran kèlkeswa opyoyid oswa dwòg ki soti nan rezo ki pa sou kontwòl yo, tankou fentanil. Fentanil la se yon opyoyid fò ou jwenn souvan nan dwòg yo vann sou non ewoyin. Yo jwenn li tou nan pwodui ki pa opyoyid, tankou poud ak krak kokayin, metanfetamin, ak grenn ki pa soti nan sous medikal.

Pou redui risk jeneral ou pou fè ovèdoz:

- Teste dwòg ou yo avèk riban reyaktif pou teste fentanil.
- Evite konsome plizyè dwòg alafwa.
- Evite pran dwòg lè ou poukont ou, oswa fè yon moun rete toupre ou avèk naloksòn.

Pou aprann kijan pou sèvi ak naloksòn ak pou resewa yon twous naloksòn gratis, ale sou [nyc.gov/naloxone](https://www.nyc.gov/naloxone) oswa rele **311**.



Kesyon Moun Poze Souvan sou Byoup la

Èske byoup la se solisyon m ap chèche a?

Menmsi pa gen yon sèl tretman ki bon pou tout moun, gen anpil moun ki wè byoup la ede yo redui sentòm sevraj yo ak anvi yo. Pale avèk pwofesyonèl swen sante ou pou konnen si byoup la se yon opsyon k ap bon pou ou.

Ki efè segondè byoup la genyen souvan?

Efè segondè yo nòmalmman piti epi se ka konstipasyon, kè plen, maltèt, ak pwoblèm pou dòmi pran ou oswa pou w kontinye dòmi.

Pandan konbyen tan pou mwen pran byoup la?

Ou dwe pran byoup la toutotan l ap ede ou rive nan objektif ou yo, sa ki ka vle di plizyè ane oswa menm tout lavi ou. Rechèch yo montre pi bon rezilta pou moun ki pran byoup la pandan pi lontan.

Èske mwen dwe resevwa konsèy sikolojik oswa terapi pou mwen pran byoup la?

Non, men gen anpil moun ki benefisye konsèy sikolojik oswa terapi pandan y ap pran byoup la.

Èske m ap gen sentòm sevraj si mwen kòmanse pran byoup la?

Anvan ou kòmanse pran byoup la, ou dwe sispann pran lòt opyoyid pandan kont tan pou sevraj ou a ka rive nan nivo piti oswa mwayen. Byoup la ap redui sentòm sevraj yo. Tan sa pran pou rive nan sevraj nivo piti oswa mwayen an depann de faktè tankou kalite opyoyid ou te pran yo ak de dènye fwa ou te pran yo.

Pale avèk pwofesyonèl swen sante w la de ki lè ak ki kote li pi bon pou w pran premye dòz byoup ou a. Lè ou pran byou la twò bonè lè ou fin pran yon lòt opyoyid, sa ka lakòz gwo sentòm sevraj anba opyoyid sibat (yo rele sa “sevraj presipite”). Li ra pou byoup la lakòz sevraj presipite epi ou ka evite li avèk bon dòz la epi lè ou pran byoup la jan yo preskri w li a.

Moun ki te pran dwòg ki gen egzilazin, ke se ekspreswa pa ekspreswa, gen dwa gen sentòm sevraj anba egzilazin. Egzilazin nan pa yon opyoyid, donk byoup la p ap fè anyen pou sentòm sa yo.

Èske asirans maladi ap kouvri byoup la?

Wi. Medicaid, Medicare ak pifò plan asirans maladi yo ap peye pou byoup la. Verifye avèk plan asirans maladi w la pou konnen si byoup la sou lis medikaman ki apwouve yo. Non mak yo itilize souvan pou byoup la se Suboxone ak Zubsolv. Si ou gen kopeman, ou gen dwa kalifye pou kupon fabrikan, kat diskont oswa pwogram èd pou pasyan.

Ki lòt medikaman ki genyen pou tretman OUD?

Byoup ak metadòn se tretman ki bay plis rezilta pou OUD. Se sèl medikaman ki demontre yo redui risk ovèdoz mòtèl. Naltreksòn nan piki a liberasyon pwolonje a se yon lòt opsyon pou trete OUD men li pa demontre li redui risk ovèdoz la. Pale avèk pwofesyonèl swen sante ou de risk ak avantaj yo pou li ede ou deside sa ki pi bon pou ou.



Kijan pou Jwenn Byoup la

Gen anpil fason moun ka jwenn byoup nan Vil New York (New York City, NYC):

- Pale avèk **pwofesyonèl swen sante ou**, paske gen anpil doktè, enfimye(è) pratisyen, asistan doktè ak sikyat ki preskri byoup la oswa ki ka rekòmande ou yon pwofesyonèl ki fè sa.
 - Pou yo ede ou jwenn yon pwofesyonèl swen sante, rele **311** oswa 844-692-4692.
 - Pou yo ede ou jwenn tretman avèk byoup ak jesyon swen pou OUD nan kad swen primè, ale sou **nyc.gov/health/map**, klike sou “**Drug and Alcohol Services**” (Sèvis pou Dwòg ak Alkòl) epi chwazi “**Buprenorphine Treatment (With Nurse Care Manager)**” (Tretman avèk Biprenòfin (Avèk yon Manadjè Swen Enfimye)).
 - Kontakte **Virtual ExpressCare NYC Health + Hospitals la** nan 631-397-2273, 24 sou 24, 7 jou sou 7, oswa ale sou **expresscare.nyc**.
- Ale nan yon **pwogram echanj sereng** pou jwenn tretman sou plas oswa nan telesante oswa rekòmandasyon pou yon pwofesyonèl ki preskri byoup la.
 - Ale sou **nyc.gov/health** epi chèche “**syringe service programs**” (pwogram echanj sereng).
- Ale nan yon **pwogram tretman ki gen lisans Eta New York** nan **findaddictiontreatment.ny.gov**.
- Ale nan yon **sèvis ijans** pou jwenn yon pwovizyon byoup dijans.
- Kontakte **988** pou jwenn èd pou toksikomani ak pou jwenn referans pou swen.
 - Rele oswa voye tèks pou 988 oswa fè konvèsasyon sou entènèt nan **nyc.gov/988**.



Kijan pou Pale ak yon Pwofesyonèl Swen Sante de Byoup la

Anvan Premye Randevou W La

Lè w ap chèche yon pwofesyonèl swen sante ki ofri byoup la, ou ka kontakte yo anvan pou poze kesyon sou sèvis yo. Ou pa bezwen bay ni non ou ni okenn enfòmasyon pèsònèl pandan premye apèl la. Di w ap egzaminen opsyon tretman pou OUD epi ou vle pale avèk yon moun ki ka pi byen reponn kesyon sa yo pou ede ou decide si ou vle kòmanse tretman avèk pwofesyonèl swen sante sa a:

- Èske ou ofri byoup la oswa nenpòt lòt medikaman kont depandans a opyoyid?
- Èske gen kondisyon pou kòmanse avèk byoup la?
- Èske ou aksepte asirans maladi mwen an?
- Kijan ou travay avèk moun ki pa gen asirans maladi?
- Ki dokimantasyon oswa pyès idantite mwen dwe pote nan premye randevou mwen an?
- Konbyen tan apre premye randevou mwen an m ap ka kòmanse avèk byoup la?
- Ki sèvis kowòdonasyon medikaman ou ofri?
- Ki lòt sèvis ou ofri?

Pandan Premye Randevou W La

Chak pwofesyonèl swen sante ka gen pwosesis pa li pou kòmanse avèk byoup la. Pandan premye randevou w la, pwofesyonèl swen sante a pral siman poze ou kesyon sou sante ou (tankou sou pwoblèm medikal ou genyen oswa ou te genyen, konsomasyon opyoyid ou,

ak nan ki kondisyon w ap viv) epi fè ou pase egzamen medikal (sa gen ladan l tès san) pou li sèten pa gen danje pou w pran byoup la. Nan tèt ansanm, oumenm ak pwofesyonèl swen sante a ap elabore yon plan tretman ki gen ladan l fikse objektif epi idantifye tout lòt sèvis kote ou ta renmen patisipe.

Lè w ap fè chita pale sou tretman avèk byoup la avèk pwofesyonèl swen sante w la, reflechi sou mande:

- Èske m ap pran premye dòz mwen an lakay mwen oswa nan kabinè w la?
- Chak konbyen tan m ap gen pou fè tès pipi oswa lòt tès dwòg?
 - Kisa k ap rive si tès opyoyid mwen an oswa tès pou lòt dwòg mwen an pozitif?
- Chak konbyen tan m ap gen pou vini nan randevou suivi?
- Sa k ap rive si mwen rate yon randevou?
- Kijan mwen ka kontakte ou si mwen gen kesyon, si mwen bezwen renouvle òdonans mwen an oswa si mwen gen efè segondè, sitou apre lè ouvèti yo?
- Ki opsyon mwen genyen si mwen pèdi medikaman mwen yo oswa si yo fini anvan pwochen randevou mwen an?
- Kijan y ap pwoteje konfidansyalite mwen?



Dwa Ou Yo Pandan W Ap Pran Byoup la

Li ilegal pou fè diskriminasyon kont yon moun poutèt l ap pran medikaman kont OUD, sa gen ladan yo byoup la. Nan pifò ka yo, moun k ap pran medikaman kont OUD gen pwoteksyon lalwa kont diskriminasyon. Pwoteksyon sa yo kouvri:

- **Travay**

- Pifò anplwayè yo dwe ofri anplwaye k ap pran medikaman kont OUD aranjman rezonab, tankou chanje orè travay yo pou yo ka ale nan randevou yo.
- Pifò anplwayè yo pa ka ni revoke yon moun ni refize ofri li yon djòb poutèt l ap pran medikaman kont OUD.

- **Lojman**

- Li ilegal pou refize lwe oswa vann yon moun lojman poutèt l ap pran medikaman kont OUD.
- Sant dezentoksikasyon ki gen politik ki fè sa difisil pou yon moun k ap pran medikaman kont OUD rete la dwe ofri aranjman rezonab, tankou mete yon kote sekirize pou kenbe medikaman yo.

- **Anviwònman medikal**

- Etablisman sante yo, sa gen ladan l etablisman swen alontèm yo, pa ka refize bay yon moun tretman medikal poutèt l ap pran medikaman kont OUD.

- **Pwoteksyon timoun**

- Yo pa ka mande yon moun pou li sispann pran medikaman kont OUD pou li kenbe gad pitit li, reyini avèk yo oswa al wè yo.

- **Sèvis gouvènman**

- Ajans gouvènman yo pa ka refize bay yon moun sèvis oswa avantaj sosyal poutèt l ap pran medikaman kont OUD.

- **Sistèm penal la**

- Yon moun gen dwa pou li pran medikaman kont OUD pandan li nan pwobasyon oswa nan libète sou kondisyon.

Si w ap pran byoup la oswa yon lòt medikaman kont OUD epi ou panse y ap fè diskriminasyon kont ou, kontakte:

- **Komisyon sou Dwa Moun Vil New York la:**

Rele 212-416-0197 oswa ale sou

nyc.gov/site/cchr/about/report-discrimination.page.

- **Legal Action Center (Sant Aksyon nan Kad Lajistis):**

Rele 212-243-1313 oswa ale sou **lac.org**.

- **Divizyon Dwa Moun Eta New York la:** Rele

888-392-3644 oswa ale sou **dhr.ny.gov/complaint**.

Pou jwenn plis enfòmasyon sou byoup la kont OUD, ale sou **nyc.gov/health** epi chèche “**bupe treatment**” (tretman avèk byoup).

Pou jwenn sipò pou sante mantal oswa pou toksikomani, rele oswa voye tèks pou 988 oswa fè konvèsasyon sou entènèt sou **nyc.gov/988**. Sèvis tèks ak konvèsasyon sou entènèt yo disponib nan lang anglè ak panyòl, epi konseye sikolojik yo disponib nan telefòn 24 sou 24, 7 jou sou 7 nan plis pase 200 lang.

